CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #३७

८।३।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## CCMC निर्देशक समितिके १० महत्वपूर्ण निर्णयहरु

१ क्वारेन्टाइनके स्तर सुधार कर व्यवस्थापनके जिम्मा स्थानीय सरकारके देलजाय

२ आइसोलेसन केन्द्र व्यवस्थापन करके जिम्मा प्रदेश सरकारके देलजेतै

३ प्रयोगशालाके क्षमता वृद्धि कलक पूर्ण क्षमतामे सञ्चालन करब आ नयाँ प्रयोगशाला थप करब

४ रोजगारी देबवला देश आ रोजगारदाता कम्पनीसँ सेहो खर्च नै देबवला कामदारके उद्धारके लेल निर्देशिका बनायब

५ विदेश सँ आनलगेल शवके व्यवस्थापन कर श्रम तथा रोजगार मन्त्रालय सुरक्षा निकायके सहयोग लेत

६ जनानी, धियापुता, बृद्धबृद्धा, फरक क्षमता भेल नागरिकके स्वास्थ्य परिक्षण आ ईलाजके सहज बनायब

७ कूटनीतिक नियोगमे काज करवला कर्मचारी आ परिवारके सदस्यके जरुरत देखक जाय आबके छुट देलजेतै

८ कोरोना रोकथामके लेल ३५ करोड रुपैयाँ प्रदेश मार्फत पालिकाके निकास देलजेतै

९ बेसी संक्रमण फैलल अवस्थामे, सीसीएमसीसँगे के समन्वयमे प्रदेश सरकार कोनो क्षेत्र या पुरा जिला सिल कसकैय ।

१० होल्डिङ सेन्टर तथा क्वारेन्टाइनमे रहल आदमीके सहजिकरण करके जिम्मा महिला बालबालिका तथा जेष्ठ नागरिक मन्त्रालयके देलजेतै

स्रोत: https://mofaga.gov.np/

## नेपाल अपडेट



वीरेन्द्रनगर-१२ नेवारे स्थित अमरज्योति नमूना माध्यमिक विद्यालयमे सामाजिक दूरी कायम कलक पठनपाठन कराबैत

तस्बिर: दिनेश गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १,८१,३७१

पोजेटिभ: ९,५६१

उपचाररत: ७,३९०

मृत्यु : २३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



कोरोनाके भाईरस लोहामे लम्बा समयतक सेहो नै मरै छै कहैत अछि । अखन जत-तत दोकान खुलल छै । आदमी सँ बेसी लोहाके सामान सँ संक्रमण होबके डर भेलै ।

बहुतो अनुसन्धानके आधार मानबै त, तामामे ४ घण्टा, कपडा या काठमे १ दिन, शिशामे २ दिन, स्टिल या प्लास्टिकमे ४ दिन आ मेडिकल मास्कके बाहरी सतहमे ७ दिन तक भाईरस जिवित रह सकैत अछि । ओई अवधीमे कोनो भी आदमी अई वस्तुके सम्पर्कमे एलासँ कोभिड - १९ के संक्रमण होब सकके सम्भावना रहतै । अई बातके मध्यनजर करैत स्वास्थ्य मन्त्रालय स्वास्थ्य सेवा देबवला क्षेत्र, क्वारेन्टाईन क्षेत्र, सार्वजनिक जगह आ संक्रमित या शंका लागल आदमी रहल घरमे वातावरणीय सतह सरसफाई आ निसंक्रमणके विषयमे अन्तरिम मार्गदर्शन जारी केने छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1ux1Vm6ps9ZnbUp3nB6BqgYhNjvatFn__/view



सरकारद्वारा वैदेशिक रोजगारीमे रहल नागरिकके उद्धार कर कहने छै लेकिन, सब खर्च अपने कामदार अपने करहल अछि । आबला खर्च नै भेलसभके उद्धार हेतै कि नै ?

श्रम स्वीकृती ललक वैदेशिक रोजगारीमे गेल, करार अवधी नै पुईग फिर्ता आबपरवला अवस्थामे रहल आ गन्तव्य देश या रोजगारदाता सँ टिकट प्राप्त कर नै सकल अवस्थामे रहल आदमी मे सेहो, रोजगारके प्रकृती, आम्दनीके श्रोत समेतके कारण सँ अपन खर्चमे स्वदेश फिर्ता आब नै सकवला अवस्थामे रहि मझदारमे परल आ कुटनीतिक नियोग या श्रम सहचारीसँ उद्धार करवला अवस्थामे रहल आदमीसभके तत्काल उद्धार प्रकृया शुरु करिहे कहि सर्वोच्च अदालत अन्तरिम आदेश जारी कएने अछि ।

स्रोत: https://moless.gov.np/wp-content/uploads/2020/06/Returnee-Fund-Press-Release-077-3-4-scaled.jpg



फेरो सरकार हचुवाके भरमे बेसी मात्रामे स्वास्थ्य सामाग्री किन रहल अछि कहादुन ।

सरकार पि.सि.आर. परिक्षणके दायरा बढाबके उद्देश्य सँ एक लाख पचास हजार परिक्षण कर जरुरत परवला पि.सि.आर. रिजेण्ट आ भि.टि.एम. किनके प्रकृया शुरु केने अछि । ओई किनला आह्वान कएलगेल बोलपत्र कागजातमे निर्धारित गुणस्तरयुक्त सामानसभ उपलब्ध कराब सकब कहि जरुरी प्रमाणसभ बोलपत्रसाथे पेश केने दस्तावेजसभके आधारमे प्राविधिक विषयसभके मूल्यांकन कर गठित उपसमिति सँ प्राविधिक रुपमे सक्षम देखाएलसभमे सँ न्युनतम दाम लगेने बोलपत्रके स्वीकृत केने अछि । ओई किनके सम्झौता रकम २७ करोड २१ लाख स्वीकृत रहल अछि । अर्थात ३५.३४% कमी रहि न्युनतम दाम लगेने सारभूत रुपमे प्रभावग्राही रहल जानकारी स्वास्थ्य मन्त्रालय करेने अछि ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-2077-3-2-decisions



अखनके संकटमे किसानके प्रोत्साहन कर सरकार कृषि उपज उत्पादन होब सँ पहिले हि दाम तोईक रहल अछि कहादन ।

किसानके उत्पादनके दाम सुनिश्चित कर सरकार आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के लेल मोटका धानके प्रति क्विन्टल न्युनतम मुल्य रु.२७३५ आ मध्यम धानके प्रति क्विन्टल न्युनतम मुल्य रु.२८८५ तोकलक अछि ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-2077-3-2-decisions

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| १,५७,६१२ संक्रमित | ४०,२९१ संक्रमित | २१,७६४ संक्रमित | ८७,३६९ संक्रमित | ४४,९२५ संक्रमित | ३१,०७६ | ८,५८७ संक्रमित | १२,४३८ संक्रमित |
| १,५०० नेपाली संक्रमित | ६५० नेपाली संक्रमित | ४४० नेपाली संक्रमित | १०,००० नेपाली संक्रमित | १,६०० नेपाली संक्रमित | | ८९ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ३ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएका नेपाली | १९ मृत्यु भएका नेपाली | | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## विदेश सँ फिर्ता आबकालमे काम लागवला किछ प्रकृयागत जानकारी

**१**

किछ महिना पहिले विदेश स्थित नेपाली दुतावासद्वारा अपन नागरिकके अनलाईन फारम भरेने छलै । तेकरे आधारमे प्राथमिकता निर्धारण कऽ आब भरहल उडानके लेल सूची सार्वजानिक करत । दुतावास अपन आधिकारीक फेसबुक पेज आ वेवसाईट सँ जानकारी दरहल अछि ।

**२**

नामके सूची सार्वजनिक भेलाके बाद तोकलगेल भाडादरमे टिकट लेबके लेल वायुसेवा कम्पनी या ओकरसभके आधिकारिक एजेण्टसभ सम्पर्क करत । यदि फोन या म्यासेज नै आयल त अपने सम्पर्क कर परै छै ।

**३**

उडान तोकलगेल दिनमे आरो साधारण समयके तुलनामे १ सँ २ घण्टा जल्दि एयरपोर्ट पहुच परै छै । कतेको देशसभमे पहिले एऋच पद्धति सँ रिपोर्ट तयार करके लेल निर्देशिकासभ देलगेल छै त, कतेको देशमे एयरपोर्टमे र्‍यापिड टेस्ट द्वारा कोरोना परिक्षण करल जाई छै । यदि कोरोना परीक्षणके नतिजा पोजेटिभ आएल अवस्थामे उडान कर नै पाओत ।

**४**

अखन नेपाल जाय सँ पहिले एकटा फारम भर परैत छै । उ फारम नेपालके अन्तरराष्ट्रिय विमानस्थलमे बुझाब परैछै । जाहि मे अपन व्यक्तिगत विवरण आ स्वास्थ्यके विवरण सहित पालना करपरवला सब मापदण्ड पालना करब कहि स्वघोषणा कर परैछै ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय माफर्त कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## अखन आईसोलेशनमे रहल बिमारीके ईलाज करमे लागबला जम्मा खर्च



**७००५**

उपचारार्थ आईसोलेशनमे रहल संख्या



**२०**

प्रति व्यक्ति आईसोलेशनमे रहपरवला औसत दिन



**रु. २,२००**

आईसोलेशनमे लागवला प्रति दिन प्रति आदमी खर्च

**रु. ३०,८२,२०,०००**

सब बिमारीके ईलाजमे लागवला खर्च

नेपालमे जम्मा संक्रमितके संख्या आ आईसोलेशनमे ईलाज करारहल बिमारीके संख्या अखनो हरेक दिन जेना बढिरहल छै । २०७७ आषाढ ६ गते तकके तथ्यांक देखल जाय त, ईलाज करारहल मे सँ करिब ९८% बिमार कि त आईसोलेशन केन्द्रमे छै कि त अस्पतालके आईसोलेशनमे छै । प्रदेश सरकारसभके खर्च सेहो आईसोलेशनके पूर्वाधार बनाबमे भेल देखाईत अछि । सरकारी श्रोतके अनुसार, संक्रमितके आईसोलेशनमे औसत रहनाई २० दिन रहल अछि । तहिना कल प्रतिदिन प्रति आदमी खर्च करिब रु.२२०० होईत अछि । एना देखलापर, अखन आईसोलेशनमे रहल ७००५ ईलाज करारहल बिमारीके लेल ३० करोड खर्च कर परत ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आईसोलेशन, उपकरण आ ईलाजमे छुट्याओलगेल रकमके प्रादेशिक तुलना




उपरका ग्राफ सँ कोभिड - १९ के बिमारीके लेल प्रदेश सरकारद्वारा आईसोलेशन अस्पताल, उपकरण, पूर्वाधार, दवाई आ ईलाजके व्यवस्थापन कर छुट्याओल रकम देखाबैत अछि । यदि प्रति आदमी आईसोलेशनमे रहनाई २० दिन आ प्रति आदमी प्रति दिन लागवला खर्च रु २,२०० के आधार मानबै त, हरेक प्रदेशके ओत अवस्थित आईसोलेशनमे ईलाज करारहल बिमारीके लेल जरुरतके खर्चके हिसाब कएल जा सकैत छै । ओत स्थित आईसोलेशनमे रहल बिमारीके संख्याके जम्मा बिनियोजित रकमसंगे तुलना करबै त, प्रदेश नं. ५ सँ निकासा रकमके ४९% रकम आ प्रदेश नं. २ सँ ३५% रकम खर्च कर परत । शुरुमे देखला सँ ई रकम बहुते नै देखा सकैत अछि, लेकिन संक्रमितके संख्या बढ्के क्रम अखनो जारी अछि । पूर्वाधार निर्माण, स्वास्थ्य उपकरण आ दवाई जेहन मुख्य शिर्षकमे खर्च होब बाँकीए छै । अखनके अवस्था देखला सँ, प्रदेश नं. २ आ प्रदेश नं. ५ के लेल छुट्याओलगेल रकम जल्दिए खतम भ जेतै । तुलनात्मक विश्लेषणके लेल गण्डकी प्रदेशके विवरण प्राप्त होब नै सकल अछि ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भळक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कळक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कळक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आबवला कामदारके पुनर्एकिकरणके

स्वदेश फिर्ता आब पाबी कहि बहुतो देश स्थित नेपाली दुतावास मार्फत फारम भरने अछि **६ लाख**

प्राथमिकताके आधारमे फिर्ता लेनाई निश्चित भचुकल **३० देशबाट २४,१४८ जना**

**३ लाख ५० हजार** भारतमे रहल नेपालीसभ तत्काल नेपाल फिर्ता आब चाहिरहल

**२ लाख ५० हजार** नेपाली भारतीय सीमासँ नेपाल प्रवेश कचुकल



## अवसर

१. श्रमिकसभ विश्व श्रम बजारसँ खाली हाथ फिर्ता नै एतै । ओसभ ज्ञान, कला आ अनुभव सेहो संगे लेलक एता । ई देशके लेल बड्का सम्पति छै ।

२. हुनकासभके विद्धताके उपयोग करलापर देश विकासके गति बदैल सकैछ अछि ।

## चुनौती

१. वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आबिरहलसभके समाजमे भाईरसके वाहक कहिक चिन्ह लागल ।

२. विदेशसँ फिर्ता आएल श्रमिकके व्यवस्थापन कर पर्याप्त आ मापदण्ड अनुसारके क्वारेन्टाईनके व्यवस्था नै कएलगेल छै ।

३. वैदेशिक रोजगारीमे रहल श्रमिक रोजगारी, आम्दनीके श्रोत गुमौने अछि आ आब जिविकोपार्जन निर्वाह करला संघर्ष कर परत ।

४. वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आबवला श्रमिकके तथ्यांक नै भेलासँ हुनकारसभके जरुरत पहिचान कलक नीति निर्माणमे कठिनाई भल सकैय ।

५. वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आबवला श्रमिकके सामाजिक, आर्थिक आ राजनैतिक पुनर्स्थापन कर नै सकलउ त, मानव तस्करी आ सामाजिक हिंसा लगाएतके घटनासभ बढ्त ।

## समाधान

१. नीति निर्माण तथा कार्यान्वयनमे संघ, प्रदेश आ स्थानीय तीनू तह बीच समन्वय करल जासकैत अछि ।

२. सबके कृषिमे अवसर सृजना करवला परम्परागत अवधारणा सँ बेसी उद्यमके प्रोत्साहन करके योजना आगु आनल जासकैत अछि ।

३. विदेशसँ फिर्ता आएल श्रमिकमात्रे नै कि हुनकरसभके परिवारके सदस्यके जिविकोपार्जनमे सहयोग पुगै तेना पुनर्एकिकरणके कार्यक्रम आनल जासकैत अछि ।

४. विदेश सँ फिर्ता आएल श्रमिकके लाभमुलक क्षेत्रमे रोजगारी उत्पन्न कर प्रविधिमे आधारित पुनर्एकिकरणके कार्यक्रम आनल जासकैत अछि ।

५. विदेशसँ फिर्ता आएल श्रमिकके ज्ञान, सीप आ विशेषज्ञताके समुचित उपयोग कर स्थानीय सरकारके क्षमता विस्तार कएल जासकैत अछि ।

६. फिर्ता आएल, फिर्ता आबके तैयारीमे रहल आ हुनकासभके परिवारके सदस्यके संख्या अद्यावधिक कलक सार्वजनिक करल जासकैत अछि ।

७. जनानी, फरक क्षमता भेल या आरो अति जोखिमयुक्त समुहके तत्कालिन राहत, न्याय आ दीर्घकालिन जिविकोपार्जनके व्यवस्था करला सकैत अछि ।

सही सूचना

# परीक्षण गतिमे सुस्त, संक्रमणके गति तिव्र। कि अपनासभ परिक्षणके गतिमे पाछु परले छि त ?

## दैनिक पि.सि.आर. परीक्षण, औसत परीक्षण आ जम्मा कोभिड - १९ के केससभ




उपरके ग्राफ सँ कोभिड - १९ के दैनिक पि.सि.आर. परीक्षण अन्तिम तीन सप्ताह सँ दोब्बर भेल देखाबैत अछि । दोसर दिस, ओही अवधीमे नयाँ संक्रमितके संख्या चाईर गुणा सँ बढ्ल छै । अईसँ नेपालमे दैनिक परीक्षण आ तिव्र गतिमे संक्रमितके संख्या बीच बड्का अन्तर छै से देखाबैत छै । संक्रमित पहिचान कर पि.सि.आर. प्रविधि एक मात्रे विश्वसनिय माध्यम छै । आबवला दिनमे परीक्षणके दायरा विस्तार केनाई नेपालके लेल चुनौतीके विषय छै । अई सँ कि अपनासभ कोरोना भाईरस महामारीसंगे भीड्मे असफल भेले छि त, कहि प्रश्न खड्ा केने अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs